



IEA St Louis

Màkkaan miy Xòotal gëstu
ca Ndar



Iniwersite Gaston Berger
ca Ndar



Initiative Prospective Agricole et Rurale

Paspasu Xeeñtu ëlëgu
Kaw gi ak koomkoomam

**Kàddu yi ténku ci Pencum waxtaan wu yaatu ci nekkinu mooli Géet Ndar
yi. Li ko màndargaal ak li leen lëkkëleek adduna
Li ko dale 6 ba 8 fan ci weeru desambar 2021, Ca Seerdees
bu Boppu Ndari Sindòone**

Ci diggante 6 ba 8 fan desambar ci 2021, amoon ndaje mu mag mu boole ci CRDS, (kàggu giy jariñ gëstukat yi ci Ndar), lu tool ci 50 jàngelekat ak gëstukat yi jòge ci seen iniwersite, boroom xam xam aayki ndomboy tank, ay njiit ak kilifa ci mbootaayu nàppkat yi; ñu jokkok seen naatangoo yu jëfandikoo juntuwaay yu bees yi.

Waxtaan nanu ci anam yu yaatu ak fànn yu likkeloo, ci ëllëgu Get Ndar, bërëb bu siw, te rànneku ci nàpp gi.

Ki woote, jumb, waxtaan wi di IEA kuréel gi ittewoo xòotal gëstu ca Ndar ànd ak UGB, (Inwersite Gaston Berger ca Ndar) IPAR(biy yëngu ngir dégmal ci mbiri mbay ak lépp luy suuxët gox yeek goxaat yi).

Ligenn ci waxtaan wi, tēnk nanu ko, def ko yeene gu nu fas, gēnne ci ay ndénkaane yu nu di jottali ñiy dogal, ñi am ay mbootaay, ni am ay ndombo tēnk; fātte wu nu mag, ndaw, gòor, jigéen, liggeeykat yi, jàppelekat ci mbiri màgg ak yokkute.

Ci gàttal waxtaan wi duut na baraam sulli na leeral na, tàwwi na, joxoñ na, xàll na yoon ngir jëf yu takku, xòotal ak dégmal ngir ëllëgu waa Géet Ndar doon lu neex te naat.

Li ñu jàppagum, nisër ko, xàll ci ay yoon, tēnk ci dénkaane yu jamp :
Sunu sukkandikoo ci:

Boole xalaatin yu wuute te yaatu moo ittéel penc mi amoon ndar li ko dale 6 ba 8 fan ci weeru desambar 2021 , fésal na mandargay Géet Ndar, ni mu lëkkëlook addunaak musiba yi koy yoot. Cambar nañu, seede nañu, ñaxtu nañu.

Jamono ji ñuy dund, ba ci ni muy àddo ci seen nekkin ak seen aada, lépp li aju ci ngét ci Géet Ndar.

Nekkinu gox bi, ni muy soppeekoo, rawatina aalam gi, dina gēna tar ndax gaas ak petarol yi nu xeeñtu, ci diggēnte Senegaal ak Moritani.

Géet Ndar mi tañcu ci diggēnte géej gi ak dex gi, mooy xolu Ndar, di kenu koomkoomam,

Géet Ndar, da fa di bërëb bu dimmélante, sax ci seen aada ak seen cosaan.

Ngét, Géet Ndar la fekk baax ak bépp ligéey bu wéeru ci géej mbaa ci dex.

Taxawaayu Géet Ndar bokk na ci liy lëkkële ak Ndar ak liko wër.

Suufas Géet Ndar di teeru bu doomam yi di tag, di wëri adduna di dem aka dikk.

Réere wuñu mbir musiba yiy yoot ci:

Yàxxute ci suuf si ak dëkkuwaay yi tukke ci caggantéefu doomi Aadama wàlla mbiri Yàlla.

Jàngoro yi tukke ci géej gi mbaa dëkkëndook jur gi.

Ligéeyu petarol bi ak gaas bi dina jaxase béréb yi ñuy géti, gën leena xatal.

Goxu Géet Ndar nar na gëna xat, géej gi di wéy di ko wann bu ñu ci taxawul dëgg.

Fonk ak yaakaar waññeeku bu baax ci ngét gi ba tumuraanke law, xel yi gëna dem ci “mbëkk mi” “ Barsaa mbaa barsàq”.

Xulò ak jàppante gën tar ci dëkkuwaay yi, ak ci teeru yi.

Li ñu géej gi ak dex gi daan yéwënëlee mu ngiy gën di waññeeku bés bu Yàlla sàkk. Xel nanguwul ceebu jën bu amul jën. Ana jànqarfeet ? Deem ? Waas? Waxantumaak gejj. Ana ngot yi fi lamboon ? Ana sipax ? Ana sebet ?

Xam-xam yi ak mën-mën yi ci napp, ci joow gaal, ci yatt gaal, ci mbaal, ci wiir, ak ñoom seen ñu ngiy tumuranke.

Naka lanuy teddaat, dundaat, feexalaat xol yi, fecc, béré, simb, taajabóon, kasak dellusi ? Nu ñuy fexee xam-xamu ngét baña réer ?

Ngir vooyu amaate, ndenkaane yii la nu def:

Jàppale, dimmale waa Géet Ndar ngir ñu yaatal seen dëkkuwaay ci kaw lanq da Barbari , tedd fi nu dëkk ak fu nu mëna dëkk ak seen njaboot.

Faaydaal li nu xam-xamu xarala ci mbirum ngét, yeosal péxey xamle yi.

Yaatal waxtaan wi ngir nasi pexe yu leer te jàppandi yuy naatal goxu Géet Ndar.

Sukkandiku ci li jota baax ci li ligéey Géet Ndar, Sancaba ak Goxumbaaj, cambar xarala yi ñu fa doxal, ngir aar ak yaatal tefees bi.

Waxtaan ba jubboo ak ñi dëkk ci tefees bi, ñi ne ci sor bi tollook 20 m, fexe ba seen xel dal, ba nu am fu ñu leen dëkkël te du leen lor.

Gòornemaa bi fexe ba delloosi wàxxi, at mu ne, dex gi ak bël ba, ngir gaal yi di mën daw ni mu ware.

Sooraale njariñu nappkat yi ci ligéeyu petarol ak gaas.

Sooraale, suñuy waxtaan ak yeneen réew, naka la ñuy Jàppale mooli Géet Ndar, ci xarala, ak ci yoonal dem ak dellusi ci géju Afriki soowu jant.

Jàppale ci biir réew mi ak ci bitim, ñi dëkk ak ñiy yëngatu ci gox bi, ci diwaan bi, ngir ñu tedd ci nàpp mi ak li mu àndal.

Jokkoo bi na tar, buum bi gëna dëgër, bi nu ràbb diggante IEA, ak yeneen iniwersite yi: UGB bu Ndar, UCAD ca Ndakaaru, USSEIN ca Siin ak Saalum, ak UASZ ca Kasamaas, UADB ca Bawol, UVS bi wër réew mi yëpp ak IPAR. Naka noonu di nanu gëna xam jafe-jafe yi Géet Ndar jàŋkonteel, moo xam ci mbiri càkkeef gi, ci dundinu nit ñi, ci seen koom kom, ngir ñu faj seen aajo, tedd tedd bu yaato yaatu, sax bu baaxa baax.

Ndar, juròom netti fan ci weeru desambar 2021